Avi Eleksyon 2027

Rezidan Riviera Beach yo:

Dapre lwa Eta Florid la ansanm ak Charte Vil la ak Kòd Òdonans Vil la, Vil Riviera Beach ap òganize Eleksyon Jeneral Minisipal li a madi 9 mas 2027, soti 7:00 a.m. rive 7:00 p.m., epi Eleksyon Dezyèm Tou Minisipal la, si sa nesesè, madi 23 mas 2027, soti 7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Eleksyon an ap fèt nan limit minisipal Vil la pou eli de (2) manm Konsèy Vil la: Distri 2 ak Distri 4. Chak kandida ap eli pou yon manda twa (3) ane. Manda yo ap kòmanse lè yo fin sètifye rezilta eleksyon an.

Jan sa etabli nan Kòd Òdonans Vil la, peryòd ofisyèl pou kandida yo kalifye ap kòmanse midi (12:00 p.m.) madi 3 novanm 2026, epi l ap fini midi (12:00 p.m.) madi 17 novanm 2026.
Moun ki vle kalifye kòm kandida pou pòs elektif sa yo kapab fè sa lè yo depoze dokiman ki nesesè yo avèk City Clerk (Grefye Vil la) nan Konplèks Minisipal la, 600 West Blue Heron Boulevard, Riviera Beach, Florida 33404.

Moun ki vle kalifye kòm kandida dwe votè ki anrejistre nan Palm Beach County. Yo dwe te rete san entèripsyon nan Riviera Beach ak nan distri respektif yo pandan yon (1) ane anvan dat yo depoze dokiman kandidati yo.

Dapre Charte Vil la ak Kòd Òdonans Vil la, frè pou depoze kandidati pou yon plas nan Konsèy Vil la se $1,140.00. Tout plas nan Konsèy Vil la ap vote nan tout vil la.

Votè ki kalifye yo kapab enskri pou vote nan Biwo Sipèvizè Eleksyon Palm Beach County, nan Biwo City Clerk Riviera Beach, oswa sou entènèt nan www.votepalmbeach.gov/Voters/Register-to-Vote.
Rezidan ki enterese vote pa lapòs kapab ale nan Biwo Sipèvizè Eleksyon Palm Beach County ki sitiye nan 4301 Cherry Road, West Palm Beach, FL 33409, oswa nan nenpòt biwo satelit, tankou North County Courthouse, ki sitiye nan 3188 PGA Blvd, Palm Beach Gardens.

Pou resevwa yon bilten vòt pa lapòs, rele (561) 656-6200 oswa vizite sit entènèt Vote-by-Mail la.
Dat limit pou enskripsyon votè a se lendi 8 fevriye 2027.

Dat limit pou mande yon bilten vòt pa lapòs se jedi 25 fevriye 2027, a 5:00 p.m.
Dapre Americans with Disabilities Act (ADA) 1990, moun ki bezwen aranjman espesyal pou kalifye kòm kandida dwe kontakte Biwo City Clerk la nan 561-845-4090, pa pita pase 48 èdtan anvan peryòd kalifikasyon an kòmanse.

Si ou gen pwoblèm pou tande, rele
Florida Relay Services pou jwenn asistans nan 1-800-955-8771 (TDD) oswa 1-800-955-8770 (Voice).

Debrah Hall
Grefye Minisipal

Pibliye: September 25, 2026 at 10:00 am